
## नेनाक बाइबिल
### प्रस्तुति



# कलीसियाक जनम

*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Janie Forest
Alastair Paterson


*रूपान्तरित*: Ruth Klassen

*अनुवाद*: Ashish Paul


*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org

©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.








जहन यीशुक मृत्यु भऽ गेलिन हुनक डेराएल चेला सभ अपना आपक लूका नेने रहैथि। अपन मृत्यु में सँ जी उठलाक बाद, ओ स्वयं कऽ चेला सभक सन्मुख में प्रगट कएलाएथि। यीशु जीवित छलाह! मुदा यीशु हुनका सभक छोड़िबाक योजना बना रहल छलाह, आओर ओ पुनः स्वर्ग जा रहल छलाह जतो हुनका सभ दिन पिताक संग में रहबाक छलिन।



धरतीक छोड़य सँ पहिने, यीशु
अपन लोकक संगे वाचा
बांहिनलिन जे ओ परमेश्वरक
आत्माक लोकक सहायता करबाक लेल पठा
देथिंन्ह, परमेश्वर अर्थात पवित्रआत्मा अएलाह।
3



ई एहि तरहें भेल। लगभग एक सय बीस चेला सभ एकटा
कोठली में बंद भऽ कऽ प्रार्थना कऽ रहल छलाह। अचानक
कोठली ध्वनी आओर अन्हरक झोंका सँ भरि गेलं
4



धधकत आगिक लपट हरएक मनुखक उपर छाया कऽ
देलक। ओहिठाम सभ केओ पवित्रआत्मा सँ भरि गेलाह
जेनाकि “यीशु हुनका सभ गोटे सँ वाचा बांहलिने रहैथि।
5


गली में आएब कऽ यीशुक चेला सभ तरह तरहक भाषा
बाएज रहल छलाह जकरा विषय में ओ पहिने कहियो नहि
सुनिने रहैथि। बेदेशी सभ जे येरूशलेम आएब कऽ हुनक
शिष्यक बड़ाई करैत छलाह किएक तऽ ओ सभ बड़ निक
निक काज जे कएने छलाह।
6


ओ बहुत भाषा में परमेश्वरक काज कएने रहैथि।
आगन्तुक सभ अचंभित छलाह। “एकर कि अर्थ भऽ
सकैछ” ओ सभ पूछलिन “किएक तऽ ओ सभ नव
दाखरस सँ भरि गेल छलाह“ दोसर लोक चीढ़यलिन।
7


मुदा पतरस कहलिन, ई सभ पिअल लोक नहि छथि ई तऽ
वैह भेल छल जाहि बातक विषय में भविष्यवक्ता योएल
बाएजने रहैथि . . . . . . तकरा बाद पतरस हुनका याद
दिऔलिन बहुत बरख पहिने
परमेश्वर अपन लोक सँ
वाचा बांहिनने रहैथि जे
पवित्रआत्मा आएब
कऽ अपन लोकक
सहायता
करताह।
8


पतरस लोक सभ सँ कहलिन अपन, अपन पाप सँ मन फिराऊँ आओर यीशु क्रिष्टक नाम सँ बपतिस्मा लिअ . . . . . . आओर तहन अहाँ पवित्र आत्माक दान पाएब, पतरस बएजलाह आओर लगभग तीन हजार लोकिन हुनक आज्ञाक माननलिन। ओ सभ एक अराधना करयबलाक रूप में चेला सभक संगे यीशुक मानयबला बनि गेलाह अऽ जेना जेना समय बीतल अधिक सँ अधिक लोक कलीसिया सँ जुड़ि गेलाह। जहिना ओ दिनक शुरूवात कएलिन पवित्र आत्मा उतिर गेलाह।
3000
9
पवित्र आत्मा परमेश्वरक सामर्थ्यक परमेश्वरक लोक में आनैत छथि। एक रोज प्रार्थनाक काल में पतरस आओर यूहन्ना एक संगे मंदिर गेलाह। एक लांगड़ लाचार भिखार मंदिरक केवाड़क लग बैसल छलाह। ओ पतरस आओर यूहन्ना सँ टाका मांगलखिंन्ह।
10
तहन पतरस कहलिन हमरा लग सोना अऽ चांनी तऽ नहि अछि मुदा हमरा लग जे अछि ओ हम अहाँकः यीशु मसीहक नाम सँ दैत छी जे नासरतक छथि। ऊँठू अऽ चलू फिरू"। आओर ओ हुनका दहिना हाथ पकड़ कऽ उठा देलिन। ओ तुरन्त उठि कऽ चलअ फिरअ लगलाह आओर हुनका संगे मंदिर में प्रवेश करलखिंन्ह। आओर परमेश्वरक बड़ाई करअ लागलखिंनह।
11
बहुत बड़का भीड़ जमा भऽ गेल आओर एहि चमत्कार पऽ आश्चर्य व्यक्त कएलाह। पतरस हुनका सभक कहलिन ई तऽ परमेश्वरक सामर्थ्य छल, हुनकर सामर्थ्य नहि छल, जे ओहि कोढ़ी अऽ लाचार मनुखक ठीक कऽ देलिन।
12
जहन पतरस यहदी सभक याद दिऔलिन जे परमेश्वर यीशु कऽ मृतक में सँ जीवित कऽ देने छथि तऽ ओ सभ तामस में आएब गेलाह आओर पकिड़ कऽ एहि दुनो कऽ जेल में दऽ देलखिंन्ह। जे हुएक, पांच हजार लोक विश्वास करलखिंन्ह।
13
दोसर दिन पतरस आओर यूहन्ना मंदिरक अधिकारीक सन्मुख में ठाड़ रहैथि। अधिकारी लोकिन पूछलखिंन्ह, केकर सामर्थ्य सँ, आओर केकर आज्ञा सँ अहाँ सभ ई काज करैत छी?
14




पवित्र आत्मा सँ भरि कऽ पतरस साहसक साथ हुनका सभक उत्तर देलिन - नासरतक यीशुक नाम सँ जिनका अहाँ सभ शूली पऽ चढ़ा देने छलहुँ अऽ बाद में परमेश्वर हुनका मृतक में सँ जीवित कऽ देने रहैथि - हुनके सामर्थ्य सँ।“ ई मनुख अहाँक सन्मुख में ठाढ़ छथि।

15



पतरस निडर भऽ कऽ बाएज रहल छलाह . . . . . “स्वर्ग कऽ नीचाँ आओर जमिनक उपर आओर दोसर कोनो नाम नहि देबल गेल अछि जे मनुख जातिक बचा सकैछ।“ लोकक यीशुक उपर विश्वास करबाक कोनो आवश्कता नहि अछि अधिकारी गण पतरसक आओर यूहन्नाक धमकी देलिन। आजुक बाद सँ अहाँ केकरो लग यीशुक नाम सँ नहि बाजब।

16




पतरस आओर एक बेर यीशुक नाम सँ ठाढ़ होबय सँ डेरयलाह। मुदा ई गप तऽ पवित्रआत्माक उतरय सँ पहिनेक छल। अब तऽ केओ हुनका नहि डैरा सकैत छलाह।

17



पतरस आओर यूहन्ना उत्तर देलिन, जे किछु परमेश्वरक नजरि में उचित अछि जे हम परमेश्वर सँ सुनिलहुँ कि हम ओहि काजक नहि करि चाँही न्याय करियो। “ मुदा हमरा सभ जे किछु हुनका सँ सुनिलहुँ वैह करब“।

18



आओर बेसी धमकी दऽ कऽ पतरस आओर यूहन्नाक अधिकारीगण छोड़ि देलिन। परमेश्वरक सहासी ई दुनो सेवक अपन साथी सभक जेल आओर धमकीक विषय में बतौलिन। अऽ तकरा बाद एकटा पैघ प्रार्थना सभा आओर आयोजन कएलाएथि। अऽ पुनः परमेश्वरक लोक पवित्र आत्माक सामर्थ्य सँ भरि गेलाह आओर नवजात कलीसिया बढ़ैत चलि गेल।

19

## कलीसियाक जनम


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्ध***

प्रेरितों के काम 1-4

***ऋका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** 119:130

20




55

60



इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।

परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुाली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ¨ फेर द¨सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्धा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।

अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।

प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्धा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जाहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आऔर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।

ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना 3:16